

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan tina hasil pedaran, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Sakumaha anu katémbong dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi. Aya sawatara prak-prakan anu béda. Upamana dina soal nangtukeun tanggal dilaksanakeunana tradisi sérén taun Guru Bumi anu kudu nganti ilapat nu datangna ka pupuhu kampung budaya. Biasana ieu ilapat téh datang ngaliwatan impian. Saupama ilapat tacan baé datang, prak-prakan tradisi sérén taun téh ditunda heula.

Salian ti éta, parobahan téh katémbong ogé dina prosés prak-prakanana. Anu saméméhna mah dilaksanakeun ku masing-masing lembur, kiwari mah dilaksanakeun babarengan sacara kolosal. Tapi ari roh tina ieu tradisi téh tetep ngarujuk kana Sérén Taun Guru Bumi anu nepi ka kiwari éksis kénéh di sawatara Kampung Adat nu aya di wilayah Jawa Barat jeung Banten.

Nilik kana pedaran ngeunaan wangun jeung runtuyan Sérén Taun Guru Bumi, kapanggih yén tradisi Sérén Taun Guru Bumi téh diwengku ku salapan kagiatan anu kudu dilaksanakeun salila saminggu. Éta kagiatan téh nyaéta; 1) sedekah ngadiukkeun; 2) ngembang makam karuhun; 3) tadisi sudat; 4) tradisi munday atawa marak; 5) ngala cai kukulu; 5) ngahijikeun cai kukulu; 6) sedekah kuéh; 7) nugel munding; jeung 8) helaran dongdang. Ari waktu prak-pranana téh dilaksanakeun sataun sakali unggal bulan Muharam, salila saminggu. Pikeun taun 2017, prak-prakan Sérén Taun Guru Bumi téh dilaksanakeun tanggal 1 Muharam.

Ari anu ngalalakon dina ieu tradisi téh nyaéta sakumna masarakat nu aya di wilayah Sindang Barang. Sagédéngeun éta, sacara umum parabot anu dibutuhkeun dina acara Sérén Taun Guru Bumi téh di antaran nyaéta; paré, cai tujuh rupa, kembang tujuh rupa, kuéh tujuh rupa, bakakak hayam, menyan, parukuyan, buyung, cécémpéh, jeung dongdang.

Nilik kana prak-prakanana mah tangtu ieu tradisi téh réa maksud, fungsi, jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dijeron. Éta ajén-inajén téh éstu mangpaat

Tati Suryati, 2019

TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun kahirupan masarakat, utamana dina dunya atikan. Dina dunya atikan réa cara pikeun ngawanohkeun ajén-inajén ngeunaan tradisi masarakat Sunda, hususna ngeunaan tradisi sérén taun nu hirup kénéh di masarakat. Salah sahijina nyaéta ku cara pangajaran maca budaya di sakola.

Kapanggih, ikon nu nyangkaruk dina ieu tradisi téh di antarana paré. Paré téh lain baé patali jeung hasil tatanén katut minangka komoditas utama masarakat Sunda dina mertahankeun hirupna. Tapi leuwih jero deui minangka sajarah panjang, malah minangka hiji mitos anu sakral. Ieu mitos téh patali jeung Déwi Sri atawa Nyi Pohaci. Ku sabab éta, paré téh kawilang dipusti-pusti, lantaran minangka benda anu bisa mertahankeun hirupna manusa. Salian ti hasil tatanén, ikon dina tradisi sérén taun guru bumi téh kapaluruh ogé dina unggal runtuyan kagiatan tradisi sérén taun guru bumi di antarana nyaéta, kembang, cai, lauk, munding, jeung dongdang.

Ari indéks anu kapanggih dina ieu tradisi téh nyaéta tradisi sérén taunna. Ayana tradisi sérén taun téh tangtu aya sababna, nyaéta rasa sukur masarakat kana hasil tatanén. Ari rasa sukur anu dilaksanakeun téh ku jalan sukuran (sedekah) babarengan. Ieu hal téh katémbong dina runtuyan jeung prak-prakanana, kayaning sedekah kuéh, nugel munding, jeung helaran dongdang, sasatna mah minangka sedekah, lantaran naon anu dikumpulkeun téh ajangkeuneun masarakat nu ilubiung dina éta tradisi, lain pikeun kagaiban.

Mémang sawatara di antarana ku jalan diparebutkeun saperti sedekah kuéh jeung helaran dongdang. Tapi anu jadi udagan dina ieu kagiatan téh lain patali jeung sakralna, tapi patali jeung sosialna; babarengan, raraméan marebutkeun hasil pepelakan. Anapon dina ieu acara aya anu teu meunang, teu jadi matak atawa taya akibatna.

Salian ti sérén taun, nu jadi indésk téh nyaéta sedekah ngadiukkeun, ngembang makam karuhun, ngala cai kukulu, ngahijikeun cai kukulu, sedekah kuéh, munday, nugel munding jeung helaran dongdang, lantaran aya sababna, nyaéta diayakeunanan tradisi sérén taun.

Simbol anu kapanggih dina ieu tradisi téh di antarana nyaéta, paré, cai kukulu, cai tujuh rupa, kembang tujuh rupa, kuéh tujuh rupa, bakakak hayam, menyan, parukuyan, buyung, dongdang, marak lauk, nugel munding, jeung majikeun paré.

- 1) Paré téh minangka simbol karaharjaan.
- 2) Cai kukulu téh minangka simbol tina kahirupan manusa. Salian ti éta, cai ogé minangka simbol kasucian, lantaran pungsina anu bisa nyapukkeun sagala kokotor boh lahiriah, boh batinniah.
- 3) Cai tujuh rupa () téh minangka simbol kahirupan. Kitu deui cai tujuh rupa nu aya dina tradisi sérén taun guru bumi téh nyimbolkeun yén sajeroning lampah di dunya téh tangtu ngaliwatan papait jeung mamamis nu kudu disorang.
- 4) Kembang tujuh rupa téh simbol tina kahirupan atawa jeung harepan. Ieu hal téh bisa kasarungsung tina bauna anu seungit, rupana anu seger, anu nandakeun ayana kahirupan anyar atawa harepan. Kontéks dina tradisi Sérén Taun Guru Bumi, kembang téh digunakeun waktu tradisi ngembang makam karuhun. Éta hal téh boga maksud sangkan seuseungit karuhun-karuhun téh nyambuung terus, teu nepi ka leungit. Palebah dieu mah katangen yén minangka generasi satuluyna téh ulah nepi ka mopohokeun karuhun anu saméméhna geus nyeungitan alam dunya. Salian ti éta, anu ngembang téh sangkan sadrah ogé yén kahirupan téh teu semet di dunya, tapi aya kahirupan satuluyna nyaéta di alam barjah.
- 5) Kuéh tujuh rupa simbol tina silaturahmi. Nilik kana kontéksna kuéh téh digunakeun waktu tradisi sedekah kuéh anu diparebutkeun ku warga. Palebah dieu katangen, salian ti pikeun sedekah ka warga, kuéh ogé jadi tanda hubungan silaturahmi antar warga. Paantelna ramo jeung ramo antara warga waktu marebutkeun kuéh, jadi tanda yén kuéh téh minangka simbol silaturahmi.
- 6) Bakak hayam téh simbol tina pasrah sumerah kana sagala anu geus ditangtukeun ku Gusti Nu Maha Kawasa bari tetep teu reureuh ngamunajat ka Manténna. Pasrah sumerah dina ieu hal téh lain hartina masrahkeun kitu

Tati Suryati, 2019

TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

baé, tapi bari diiring ku ihtiar jeung ngadoa ka Nu kawasa. Kitu deui dina ieu tradisi téh. Kalengkepan bakaka hayam téh waktu tradisi ngadiukkeun lumangsung. Ari maksudna éta tradisi téh taya lian pikeun mundut ka Gusti Nu Maha Suci sangkan kabutuhan salila upacara sérén taun téh kacumponan, teu leuwih, teu kurang.

- 7) Menyan téh nyirikeun kebul urang, nyaéta haté jeung paménta salaku manusa ka anu maha suci, anu disebut putih. Sedengkeun beureum nyimbolkeun haté manusa anu ngadua jeung sumerah ka Gusti Nu Maha Suci nyaéta Allah SWT.
- 8) Parukuyan téh minangka wadah tempat menyan atawa disimbolkeun ogé minangka raga badag, badan anu ngawadahan haté.
- 9) Buyung téh minangka wadah atawa tempat nyimpen cai kukulu. Palebah dieu buyung téh minangka simbol anu ngahijikeun tujuh kahirupan, ogé minangka panghubung antara rupa-rupa kahirupan anu disimbolkeun tina masing-masing cinyusu.
- 10) Dongdang miboga simbol sagala ni'mat anu geus dipaparinan ka manusa téh kudu dijaga. Naha éta ngawujud hasil bumi, kaséhatan kulawaga jeung jsb. Ari simbol dongdang atra katingali tina wangunna. Wangun dongda mirupa hateup imah jeung di jerona pinuh ku hasil bumi anu diréka-réka nepi ka éndah katingalina. Salian tina bentukna dongdang dibawana kudu digotong. Hal ieu miboga ajén sosial anu luhung, nya éta manusa di sagala widang kudu ngabiasakeun hirup gotong royong.
- 11) Marak Lauk simbol tina sasaruuan idéntitas jalma. Dina harti kahirupan di alam dunya téh kabéh ogé manusa mah sarua, teu aya bédana. Boh nu jadi raja, boh nu jadi rakyat, boh nu jadi pajabat, kabéh ogé sarua, bobolokot waktu nyorang kahirupan mah.
- 12) Munding téh simbol tina dunya langit, tempat di mana barokah téh diturunkeun jadi geus ti anggagna mula sato anu dipaké dina ieu tradisi téh munding. Salian ti éta, nilik kana kontéks masarakat Sunda nu agraris (ngahuma), sato anu dipaké pikeun ngawuluku téh nyaéta munding.

Bawirasa ku sabab harita masarakat téh réa nu boga huma, réa ogé nu boga sato munding, antukna munding anu dijadikeun banda sedekah téh.

- 13) Majikeun Paré téh téh disebut ogé ngawinkeun paré. Ari maksudna mah paré anu diasupkeun téh sangkan hasil nyangking binih paré anu alus pikeun tatanén kahareupna sangkan hasilna bisa mucekil.

Pamungkas ayana panalungtikan ngeunaan tradisi sérén taun téh, saenyana pikeun ngahudang bari ngawangun kasadaran yén tradisi téh teu statis, unurna robah-robah bisa nyaluyukeun jeung pajamanan, tapi enas-enasna mah sarua. Ieu hal téh dilakonan pikeun terus ngucap rasa sukur ka Gusti Nu Maha Kawasa, kana naon nu geus dihasilkeun sarta dimangpaatkeun ku mahlukna tina alam sabudeureunana. Salian ti éta, kapentingan ayana ulikan tradisi sérén taun téh pikeun ngawanohkeun tradisi Sunda, hususna sérén taun jeung nepikeun ma'na nu nyangkaruk di jerona, husuna kana widang atikan, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca, nepi ka numuwuhkeun karep murid dina ngamumulé tradisi Sunda.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, dicindekkeun yén tradisi Sérén Taun Guru Bumi téh bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya di SMA kelas XI.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan tradisi Sérén Taun Guru Bumi di Sindang Barang Kab. Bogor, aya sawatara saran anu perlu ditepikeun, di antarana:

- a. pikeun pihak lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber référénsi pikeun nalungtik tradisi di masarakat Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran kabudayaan Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtika téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan di sakola;
- b. pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan; jeung
- c. pikeun masarakat, tradisi sérén Taun Guru Bumi téh minangka tradisi anu tuluy diwariskeun. Sanajan dina jeroning perjalananana réa nu robah, tapi ari rohna mah tetep dimumulé. Ku sabab kitu, minangka masarakat anu hirup

Tati Suryati, 2019

TRADISI SÉRÉN TAUN GURU BUMI DI SINDANG BARANG KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tur hurip di Jawa Barat, geus sakuduna bisa ngajaga malah ngawariskeun deui ka generasi satuluyna.

Sanajan kitu, ieu panalungtikan téh réa kurangna. Ku kituna, dipiharep ka panalungtik séjénna nu pada-pada ngulik tradisi Sunda sangkan leuwih jero deui malirékeun pasualan révitalisasina, lantaran dina ieu panalungtikan mah leuwih museur kana ma'na nu nyangkaruk di jerona.